Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (65 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (65 KB)

# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda ha’kimshilik- aymaqli’q du’zilis, toponimikali’q obyektlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw ma’selelerin sheshiw ta’rtibi haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’

Bul Ni’zam rayonlardi’, qalalardi’, qalali’q poselkalardi’, awi’llardi’ du’ziw, tarqati’w, wolardi’n’ shegaralari’n wo’zgertiw, ha’kimshilik woraylari’n ko’shiriw, yelatli’ punktlerdi qalalar, qalali’q poselkalar kategoriyasi’na kirgiziw, ha’kimshilik-aymaqli’q birliklerge, yelatli’ punktlerge ha’m wolardi’n’ quram bo’leklerine, sonday-aq ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge, fizikali’q-geografiyali’q, geologiyali’q ha’m basqa da wobektlerge atamalar beriw, wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw ta’rtibin belgilep beredi.

**I. Rayonlardi’, awi’llardi’ du’ziw ha’m tarqati’w**

**1-statya.** Rayonlardi’ du’ziw ha’m tarqati’w Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ usi’ni’si’ boyi’nsha Wo’zbekstan Respublikasi’ Woliy Majlisinin’ kelisimi menen Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**2-statya.** Awi’llardi’ du’ziw ha’m tarqati’w tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**II. Respublikani’n’, rayonlardi’n’, awi’llardi’n’ shegaralari’n wo’zgertiw**

**3-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ shegarasi’ tek woni’n’ kelisimi menen Joqarg’i’ Ken’estin’ sheshimi tiykari’nda Woliy Majlis ta’repinen wo’zgertiliwi mu’mkin.

**4-statya.** Rayonlardi’n’ shegaralari’n wo’zgertiw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ usi’ni’si’ boyi’nsha Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.
**5-statya.** Awi’llardi’n’ shegaralari’n wo’zgertiw, yelatli’ punktlerdi biriktiriw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**III. Respublikani’n’, rayonlardi’n’, awi’llardi’n’ ha’kimshilik woraylari’n belgilew ha’m ko’shiriw**

**6-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ paytaxti’n belgilew ha’m ko’shiriw Wo’zbekstan Respublikasi’ Woliy Majlisinin’ kelisimi menen Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**7-statya.** Rayonlardi’n’, awi’llardi’n’ ha’kimshilik woraylari’n belgilew ha’m ko’shiriw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**IV. Qalalardi’n’ bag’i’ni’shli’li’g’i’n wo’zgertiw, yelatli’ punktlerdi qalalar, qalali’q poselkalar kategoriyasi’na kirgiziw**

**8-statya.** Respublikali’q bag’i’ni’wdag’i’ qalalardi’n’ kategoriyasi’na, a’dette, xalqi’ni’n’ sani’ woti’z mi’n’ adamnan kem bolmag’an, u’lken ha’kimshilik a’hmiyetke iye, perspektivali’q ekonomikali’q ha’m ma’deniy woraylar bolg’an qalalar kirgiziliwi mu’mkin.
Qalalardi’ respublikali’q bag’i’ni’wdag’i’ qalalar kategoriyasi’na kirgiziw, wolardi’ qayta du’ziw Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ wo’tinishi tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**9-statya.** Rayonli’q bag’i’ni’wdag’i’ qalalardi’n’ kategoriyasi’na, a’dette, halqi’ni’n’ sani’ jeti mi’n’ adamnan kem bolmag’an, sanaat ka’rxanalari’na ha’m rawajlang’an infrastrukturag’a iye qalali’q poselkalar, yelatli’ punktler kirgiziliwi mu’mkin.
Qalali’q poselkalardi’, yelatli’ punktlerdi rayonli’q bag’i’ni’wdag’i’ qalalar kategoriyasi’na kirgiziw, wolardi’ qayta du’ziw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ usi’ni’si’ boyi’nsha Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**10-statya.** Qalali’q poselkalar kategoriyasi’na, a’dette, xalqi’ni’n’ sani’ keminde yeki mi’n’ adam bolg’an sanaat ka’rxanalari’, quri’li’slar, temir jol stanciyalari’ ha’m basqa da a’hmiyetli wobektler jani’nda jaylasqan yelatli’ punktler kirgiziliwi mu’mkin.
Yelatli’ punktlerdi qalali’q poselkalar kategoriyasi’na kirgiziw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’

**V. Qalalardi’n’, qalali’q poselkalardi’n’ shegaralari’n belgilew ha’m ken’eytiw**

**11-statya.** Qalalardi’n’ shegaralari’n belgilew ha’m ken’eytiw tiyisli rayonlar ha’m qalalar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ usi’ni’si’ boyi’nsha Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**12-statya.** Qalali’q poselkalardi’n’ shegaralari’n belgilew ha’m ken’eytiw tiyisli rayonlar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**VI. Ha’kimshilik-aymaqli’q birliklerge, yelatli’ punktlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw**

**13-statya.** Rayonlarg’a, qalalarg’a atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw rayonlar, qalalar ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**14-statya.** Poselkalarg’a, awi’llarg’a, yelatli’ punktlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw tiyisli rayonlar

ha’kimlerinin’ wo’tinishleri tiykari’nda Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**15-statya.** Rayonlarg’a, qalalarg’a atamalar bergende ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertkende wolarg’a Wo’zbekstan Respublikasi’nda buri’n bar atamalardi’ beriwge, al poselkalarg’a, awi’llarg’a, yelatli’ punktlerge atamalar bergende ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertkende wolarg’a Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda bar atamalardi’ beriwge jol qoyi’lmaydi’.

**16-statya.** Qalalarg’a, rayonlarg’a, awi’llarg’a, poselkalarg’a, yelatli’ punktlerge adamlardi’n’ atlari’n qoyi’wg’a, wolarg’a tariyxi’y waqi’yalardi’n’ hu’rmetine atamalar beriwge a’dette jol qoyi’lmaydi’.

**VII. Yelatli’ punktlerdin’ quram bo’leklerine atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw**

**17-statya.** Ma’kan jaylarg’a, ko’shelerge, maydanlarg’a, skverlerge, bag’larg’a, yelatli’ punktlerdin’ basqa da quram bo’leklerine atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw puqaralardi’n’ wo’zin-o’zi basqari’w uyi’mlari’ni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha xali’q deputatlari’ni’n’ tiyisli rayonli’q, qalali’q Ken’esi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**18-statya.** Yelatli’ punktlerdin’ quram bo’leklerine usi’ yelatli’ punktte buri’n bar atamalardi’ beriwge jol qoyi’lmaydi’.

**VIII. Ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw**

**19-statya.** Respublikali’q bag’i’ni’wdag’i’ ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw aymag’i’nda usi’ wobekt jaylasqan jergilikli ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ kelisimi bolg’an jag’dayda tiyisli ministrliktin’, vedomstvoni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.
Jergilikli bag’i’ni’wdag’i’ ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge atamalar beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**20-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ta’repinen Wo’zbekstan Respublikasi’ tiyisli ministrliklerinin’, vedomstvolari’ni’n’ sistemasi’na kiretug’i’n jergilikli bag’i’ni’wdag’i’ ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge beriletug’i’n atamalar wolar menen kelisilip ali’ni’wi’ tiyis.

**21-statya.** Ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge tiyislisinshe respublikani’n’ aymag’i’nda jaylasqan basqa wobektlerge buri’n berilgen atamalardi’, sonday-aq tiyisli ministrliktin’, vedomstvoni’n’ basqa sho’lkemlerine buri’n berilgen atamalardi’ beriwge ruxsat yetilmeydi.

**IX. Monumentalli’q ko’rkem wo’ner shi’g’armalari’na atamalar qoyi’w**

**22-statya.** Monumentalli’q ko’rkem wo’ner shi’g’armalari’na atamalar qoyi’w, wolarg’a jazi’latug’i’n so’zlerdin’ tekstlerin tasti’yi’qlaw Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ kelisimi boyi’nsha Wo’zbekstan Respublikasi’ ma’deniyat ha’m sport isleri boyi’nsha ministrligi ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**X. Yelatli’ punktlerdin’ quram bo’leklerine, ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge, fizikali’q-geografiyali’q, geologiyali’q ha’m basqa da wobektlerge adamlardi’n’ atlari’n qoyi’w**

**23-statya.** Ma’kan jaylarg’a, ko’shelerge, maydanlarg’a, skverlerge, bag’larg’a ha’m yelatli’ punktlerdin’ basqa da quram bo’leklerine, ka’rxanalarg’a, ma’kemelerge, sho’lkemlerge, fizikali’q-geografiyali’q, geologiyali’q, ta’biyatti’ qorg’aw ha’m basqa da wobektlerge ma’mleketlik, ja’miyetlik, siyasiy g’ayratkerlerdin’ Watan qorg’awshi’lari’ni’n’, miynet qaharmanlari’ni’n’, ilim, ma’deniyat g’ayratkerlerinin’ ha’m basqa da miyneti sin’gen adamlardi’n’ atlari’ tek wolar qayti’s bolg’annan keyin qoyi’li’wi’ mu’mkin.
24-statya. Ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ adam atlari’n qoyi’w haqqi’ndag’i’ qararlari’ Wo’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabineti ta’repinen belgilengen ta’rtipte qabi’l yetiledi.

**XI. Juwmaqlawshi’ rejeler**

**25-statya.** Rayonlardi’, qalalardi’, qalali’q poselkalardi’, awi’llardi’ du’ziw, tarqati’w, wolardi’n’ shegaralari’n wo’zgertiw, ha’kimshilik woraylardi’ ko’shiriw, yelatli’ punktlerdi qalalar, qalali’q poselkalar kategoriyasi’na kirgiziw, ha’kimshilik-aymaqli’q birliklerge ha’m yelatli’ punktlerge atamalar beriw, wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw ma’seleleri boyi’nsha qararlar baspa so’zde ja’riyalani’wi’ tiyis.
Ha’zirgi bar yelatli’ punktlerdin’ yesabi’n ali’wdi’ ha’m jan’adan payda bolg’anlari’n dizimge ali’wdi’ Joqarg’i’ Ken’es ta’miyinleydi.

**26-statya.** Ha’kimshilik-aymaqli’q birliklerdin’, yelatli’ punktlerdin’, basqa da toponimikali’q wobektlerdin’ atamalari’ni’n’ transkripciyasi’n ani’qlaw tiyisli wobektlerge atama beriw ha’m wolardi’n’ atamalari’n qayta wo’zgertiw huqi’qi’ berilgen uyi’mlar ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler
- Respublika miymanlarina
- Elektron hu'kimet
- Interaktiv ma'mleketlik xi'zmetler